

Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PRAN MEZI AGRESYIF POU PWOTEJE MOUN NEW YORK
YO KONT PWODUI SIGARÈT ELEKTWONIK DANJERE AK ADIKTIF YO SWIT A
OGMANTASYON MALADI KI LYE AK SIGARÈT ELEKTWONIK
ATRAVÈ NASYON AN**

***Bay DOH Enstriksyon pou bay Asiyasyon a Konpayi k ap fè Maketin ak Vann
"Ajan Epèsman" ki Itilize nan Pwodwi Sigarèt Elektwonik yo sou Mache Nwa***

***Gouvènè a bay DOH enstriksyon pou bay Règleman Ijans pou Egzije [Ansèy](#)
Avètisman nan tout magazen Sigarèt Elektwonik ak Sigarèt yo nan Eta New York***

***Gouvènè a pral Avanse Nouvo Lejislasyon ki Entèdi Sigarèt Elektwonik
Aromatize***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te bay Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pou li pran yon seri mezi pou abòde de (2) kriz sante piblik k ap emèje yo: ogmantasyon ka maladi respiratwa ki asosye ak sigarèt elektwonik ak ogmantasyon jèn ki itilize pwodwi sigarèt elektwonik yo ak devlope depandans a nikotin pou tout lavi yo. Gouvènè a te mande Depatman Sante pou bay asinasyon a Konpayi k ap fè Maketin ak Vann "Ajan Epèsman" ki itilize nan Pwodwi Sigarèt Elektwonik yo sou mache nwa ak pou bay règleman Ijans pou egzije ansèy avètisman nan tout magazen sigarèt elektwonik ak sigarèt yo nan Eta New York. Anplis, Gouvènè a te anonse li pral avanse nouvo lejislasyon pou entèdi Sigarèt elektwonik aromatize.

"Bon sans di si ou pa konnen kisa w ap fimen, pa fimen li, e kounye a nou pa konnen kisa w ap fimen nan anpil nan sibstans sigarèt elektwonik sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ogmantasyon maladi ki asosye ak sigarèt elektwonik se yon fenomèn sante piblik ki fè pè e mwen ap òdone Depatman Sante a pou pran plizyè aksyon pou fè fas ak kriz sa a, ki enkli kòmanse yon investigasyon nan kèk nan konpayi sa yo ki pwodwi sibstans vapè pou chèche konnen sa ki nan yo epi egzije ke boutik sigarèt ak sigarètelektwonik yo afiche yon avètisman ki pèmèt moun konnen ke sa a se yon aktivite ki riske. Mwen pral pwopoze tou nouvo lejislasyon ki pral entèdi sigarèt elektwonik aromatize. Annatandan konsèy nou an byen senp: pa fè li paske nou pa konnen si li an san danje."

"Nou gen yon angajman ak responsablite pou kenbe jèn nou yo ak tout moun New York yo an sekirite", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kòm maladi ki gen rapò ak sigarèt elektwonik ogmante nan tout peyi a, nou ap pran mezi pou fè fas ak kriz la ak anpeche malè rive timoun nou yo ak fanmi yo. Nou vle asire ke konpayi yo responsab pou tout zak repreyansib epi asire ke règleman yo anplas pou anpeche maladi ak ankouraje mòd vi an sante."

Gouvènè Cuomo te mande Depatman Sante pou voye asinyasyon bay twa (3) konpayi Depatman an idantifye k ap fè maketin ajan epèsman a konpayi ki fabrike likid vapè yo. Ajan epèsman sa yo komèsyalize epi fasilman disponib sou entènèt la kòm yon altènatif pi bon mache, pi an sekirite ki pa gen enpak negatif sou awom oswa odè nan pwodwi ki egziste deja yo epi yo ka sèvi pou koupe pwodwi sigarèt elektwonik yo nan nenpòt nivo THC. Depatman an bay yo lòd pou yo bay plis enfòmasyon pou ede investigasyon li sou kriz sante piblik sa a. Sant Wadsworth te jwenn echantiyon ajan epèsman nan men twa (3) konpayi sa yo epi detèmine ke yo se lwil asetat vitamin E prèske pi. Konpayi y ap bay asinyasyon yo ak non pwodwi yo se: Honey Cut Diluting Agent pa Honey Cut Labs LLC nan Santa Monica, California; Uber Thick pa Floraplex Terpenes nan Ypsilanti, Michigan, ak Pure Diluent pa Mass Terpenes nan Amherst, Massachusetts. Twa (3) konpayi sa yo se premye ki asinye, men yo ap pwobableman mande plis konpayi pou bay echantiyon pandan investigasyon an ap kontinye.

Pandan investigasyon an ap kontinye, rezilta laboratwa yo te montre gwo kantite asetat vitamin E nan preske tout echantiyon ki gen kanabis yo ke Sant Wadsworth la te analize. Asetat Vitamin E se yon sipleman nitrisyonèl disponib tout kote ke yo pa konnen ke li lakoz domaj lè yo vale li tankou yon sipleman vitamin oswa lè yo aplike li sou po. Sepandan, Depatman an kontinye mennen ankèt sou efè sante li yo lè yo respire li paske pwopriyete tankou lwil li yo kapab asosye ak sentòm respiratwa yo obsève yo.

Ou ka wè kèk foto pwodwi Wadsworth te teste ke yo te jwenn ki gen asetat vitamin E [isit la](#).

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te mande Depatman Sante bay règleman ijans ki sijè a apwobasyon Konsèy sou Sante Piblik ak Konsèy Planifikasyon Sante (Public Health and Health Planning Council, PHHPC), pou mande pou antite nan Eta New York ki vann pwodwi sigarèt elektwonik yo pou afiche [ansèy](#) sou danje ki genyen nan sigarèt elektwonik yo. Depatman an ap lanse tou yon kanpay sèvis piblik pou plis edike piblik la sou anpil risk ki enplike avèk sigarèt elektwonik.

Finalman, Gouvènè a te di ke li pral adopte lejislasyon pou entèdi posesyon, fabrikasyon, distribisyon, lavant oswa òf pou vann likid elektwonik aromatize yo pou dekouraje itilizasyon sigarèt elektwonik nan Eta New York.

Dapre done Depatman Sante a, prèske 40 pousan elèv 12yèm ane ak 27 pousan elèv lekòl segondè nan Eta New York kounye a ap itilize sigarèt elektwonik, ak ogmantasyon sa a lajman kondwi pa likid elektwonik aromatize. Itilizasyon lekòl segondè an 2018 (27.4%) se 160 pousan pi wo pase jan li te ye an 2014 (10.5%). Pandan ke to fimen elèv lekòl segondè New York yo tonbe soti nan 27.1% an 2000 nan yon nivo rekò 4.3% an 2016, maketin agresif k ap fè pwomosyon sigarèt elektwonik awomatize yo pral chanje tandans sa a. Awomatizasyon se yon estrateji maketin jèn kle endistri sigarèt elektwonik / ayewosol la menm jan li ye nan mache sigarèt, siga, ak tabak san lafimen yo. Maketin sigarèt elektwonik yo mete aksan sou savè tankou chokola mant, chiklèt ak kola seriz, epi kreye yon fo kwayans ke yo pa poze danje pou itilizatè yo. Etid yo montre prèske 78% nan elèv lekòl segondè, ak 75% nan elèv lekòl mwayen rapòte yo ekspeze nan maketin pro-tabak an 2016.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te di, "Epidemi maladi aktyèl ki asosye ak sigarèt elektwonik ak kantite ogmantasyon jèn moun k ap

sèvi avèk pwodwi sigarèt elektwonik yo epi devlope adiksyon tout lavi yo se de (2) grav kriz sante piblik. Mwen felisite Gouvènè Cuomo paske li te pran mezi rapid e agresif pou reprimande moun k ap chèche pwofi sou kont sante moun".

Samdi, [Gouvènè a te anonse](#) ke Depatman Sante te founi [konsèy](#) pou moun New York yo pou yo sispann fimen sigarèt elektwonik pandan ankèt sa a sou maladi ki asosye ak sigarèt elektwonik yo. Depi 9 Septanm 2019, Depatman an te resevwa 41 rapò ki soti nan men doktè Eta New York yo ki gen maladi poumon ki grav pami pasyan ki gen laj 15 a 46 an ki t ap sèvi avèk omwen yon pwodwi sigarèt elektwonik ki gen kanabis anvan yo te vin malad. Sepandan, tout pasyan yo rapòte yon itilizasyon resan divès kalite pwodwi sigarèt elektwonik.

Tès rigoure kontinye tou sou tout pwodwi sigarèt elektwonik yo ki otorize kounye a nan Pwogram Mariwana Medikal wotman reglemante eta a. Pa gen okenn evènman negatif ki gen rapò ak sigarèt elektwonik nan mitan pasyan sètifye nan pwogram sa a depi investigasyon sa a te kòmanse. Sepandan, pou prekosyon, nou ap egzòte pasyan yo tou ki nan pwogram marijana medikal la pou konsilte founisè swen sante yo sou altènatif potansyèl pwodwi sigarèt elektwonik yo pandan ankèt la ap kontinye. Pou plis enfòmasyon, pasyan yo kapab kontakte tou Pwogram Mariwana Medikal eta a nan [844-863-9312](tel:844-863-9312).

Nenpòt moun ki gen sentòm ki itilize pwodwi sigarèt elektwonik dwe kontakte founisè swen sante yo imedyatman. Founisè swen sante yo ta dwe rapòte ka posib yo bay sant kontwòl pwazon lokal la ([1-800-222-1222](tel:1-800-222-1222)). Si ou gen okenn enkyetid pou aparèy sigarèt elektwonik ou a oswa pwodwi oswa jis vle plis enfòmasyon, rele liy dirèk sigarèt elektwonik NYSDOH la a nan 1-888-364-3046.

Pasyan k ap itilize pwodwi sigarèt elektwonik yo rapòte yon varyete sentòm, ki devlope sou yon peryòd de jou a semèn, ki gen ladan:

- Sentòm nan poumon (tous, souf kout, doule nan pwatrin).
- Sentòm gastwoentestinal (noze, vomisman, dyare)
- Fatig
- Lafyèb
- Tèt fèmal
- Pèt pwa

Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite:

https://health.ny.gov/prevention/tobacco_control/campaign/e-cigarettes/.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)